

## Bezwen Sosyal Ki Gen Rapò ak Sante (HRSN) Depistaj ak Sèvis

Depi **1ye Janvye 2025** rive, ou ka antre an kontak ak òganizasyon nan kominote w la ki bay sèvis pou ede ak lojman, transpò, jesyon swen san w p ap peye nan yon Rezo Swen Sosyal (SCN) rejyonal.

- Nan SCN sa, ou ka rankontre ak yon Navigatè Swen Sosyal ki ka verifye elijiblite w pou sèvis ki ka ede w ak sante w ak byennèt ou. Y ap poze kèk kesyon pou wè nan ki domèn ou ka bezwen kèk sipò siplemantè.
- Si ou kalifye pou sèvis yo, Navigatè Swen Sosyal la ka travay avè w pou w jwenn sipò ou bezwen an. Ou ka kalifye pou w jwenn plis pase yon sèvis, selon jan sitiyou ou an ye a. Nan sèvis sa yo ka gen:
  - Sipò pou lojman ak sèvis piblik:
    - Enstale modifikasyon nan kay la tankou ranp, ranp pou men ak ba fè pou w apiye yon fason pou rann kay ou a aksesib epi an sekirite.
    - Repare epi ranje fuit dlo yo pou anpeche mwazi pran kay la.
    - Bouche tou yo ak kote ki fisire yo pou anpeche ensèk nuizib antre nan kay ou a.
    - Bay yon klimatizè, yon chofaj, yon imidifikatè oswa yon dezimidifikatè pou ede amelyore vantilasyon nan kay ou a.
    - Ede ou jwenn epi aplike pou yon lojman ki sekirize epi ki estab nan kominote a.
  - Sèvis transpò:
    - Ede w gen aksè ak transpò piblik oswa prive pou deplasman SCN apwouve yo tankou: pou w ale nan entèvyou, nan kou pou paran yo, nan tribinal lojman pou anpeche yo mete w deyò lakay ou, ak nan biwo minisipal oswa nan biwo eta pou w jwenn dokiman enpòtan yo.
  - Sèvis jesyon swen:
    - Jwenn èd pou w jwenn yon travay oswa yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl, pou w aplike pou avantaj piblik, pou w jere finans ou ak pou anpil lòt ankò.
    - Mete w an kontak ak sèvis tankou gadri, konsèy, entèkansyon lè gen kriz, pwogram health home ak anpil lòt ankò.

Si w entèrese, tanpri rele HomeFirst Member Services 1-877-771-1119 (TTY 711), 8:30 a.m. – 5 p.m., Lendi jiska Vandredi, epi n ap mete w an kontak ak yon SCN ki nan zòn ou. Navigatè Swen Sosyal la ap verifye elijiblite w, l ap di w plis sou sèvis sa yo epi l ap ede w antre an kontak ak yo.